

TOUT MOUN KONTE!

Jou Resansman an se 1ye avril 2020

Lekòl Leta Miami-Dade County
vle asire tout moun konte,
ESPESYALMAN timoun nou yo.

Atansyon fanmi!

Lwa federal ap pwoteje repons ou bay nan Resansman 2020 an, e Biwo Resansman an pa ka pibliye bay kèlkeswa moun nan okenn enfòmasyon ki idantifye ou. Yo ap itilize enfòmasyon yo sèlman pou rezon estatistik.

Pap genyen OKENN kesyon sitwayènte nan resansman 2020 an.

Tout timoun (Menm tibebe ki fèk fèt) ak adilt dwe konte nan kote yo ap viv la oubyen kote yo ap dòmi jou 1ye avril la; kèlkeswa aranjman fason yo ap viv la.


Ou ap kapab ranpli fòm nan sou Entènèt, nan telefòn, oubyen ou ka poste yon kopi ou ranpli sou papyè, e w ap jwenn gid ki ap disponib nan 59 lang apre Anglè.

Dis minit nan tan ou ap afekte finansman pwogram yo pou 10 pwochen ane, e repons ou bay nan Resansman an pral ede kominote ak lekòl yo jwenn finansman yo bezwen.

Rezilta done Resansman yo ap pèmèt yo bay plizyè milya dola finansman pou pwogram tankou Title I, “food stamps (SNAP)” (koupon pou achte manje), Pwogram Nasyonal Repa Midy nan Lekòl, ak “Children’s Health Insurance Program (CHIP)” (Pwogram Asirans Sante pou Timoun).

Done Resansman yo ap detèmine kantite syèj eta Florid la ap genyen nan “U.S. House of Representatives” la (Chanm Depite a).

Li fasil, li enpòtan e li ansekirite.



#Census2020
Be Counted!

Pou plis enfòmasyon sou
Resansman 2020 an, vizite
<https://www.census.gov>

**Shape
your future
START HERE >**

**United States®
Census
2020**